CIVIC ACTION TEAMS

Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #४१

२२ ।३ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## राष्ट्रिय महिला आयोग महिला हिँसा सम्बन्धी उजुरी अइ तरहे देख रहल अछि

महिला हिंसा सम्बन्धी शिकायत कर परल त २४ सो घण्टा हेल्पलाईन सेवा

"खबर करु" ११४५

### केहन सेवा भेटैत छै ?

- शिकायत दर्ता
- सब तरहके मनोसामाजिक विमर्श
- निवेदकके देबवला कानूनी परामर्श
- विपक्षीसंगे लेबवला बयान

### केहन अवस्थामे कार्यालयमे उपस्थित होएब ?

दू पक्षिय छलफल तथा मेलमिलापके लेल अति जरुरतके अवस्थामे द्रिपक्षिय छलफल तय कलक निवेदनमे उल्लेख भेल पक्ष आ विपक्ष मात्रे उपस्थित होएब ।

कोरोना संक्रमणके जाखिमसँ बच सरकारद्वारा कार्यालयमे सेवाग्राहीके पालना करपरवला सुरक्षा उपाय नै अपनेलापर कार्यालय सेवा प्रदान नै करत ।

स्रोत: https://www.nwc.gov.np/Publication_file/5eef7a0c54baf_Guideline.pdf

## नेपाल अपडेट



भेरी अस्पतालके प्रयोगशालामे कोरोनाके परीक्षण करैत स्वास्थ्यकर्मी

तस्बिर: नमस्कार शाह



# हल्ला र तथ्य



**सरकारद्वारा वैदेशिक रोजगारीमे जायलेल श्रम स्वीकृति दरहल अछि कहादन ।**

छुट्टीमे नेपाल आएल, भिषा आ करार अवधी बाँकी रहल आदमी आ एहि सँ पहिलेके करार अवधि समाप्त भऽ फेरो करार नवीकरण करौने आ भिषाके समेत म्याद थप भेल आदमी जरुरतके कागजातसभ सहित निवेदन देलापर कोभिड - १९ परीक्षण आ स्वास्थ्य सम्बन्धी प्रोटोकल समेतके आधारमे पुन:श्रम स्वीकृति जारी करके निर्णय नेपाल सरकार मन्त्रिपरिषद केने अछि । अईके मतलब नयाँ श्रम स्वीकृती नै खुललैय । पुन: श्रम स्वीकृति, वैदेशिक रोजगार कार्यालय ताहाचल, काठमाण्डौ तथा सब प्रदेशमे रहल श्रम तथा रोजगार कार्यालय सँ मिति २०७७ आषाढ १८ गते सँ नियमित रुपमे हेतै तै ओई कार्यालयमे जरुरतके कागजात पेश कऽ पुन: श्रम स्वीकृति लेब सकै छी ।

स्रोत: https://moless.gov.np/wp-content/uploads/2020/07/Re-entry-press-release-077-3-18-scaled.jpg



**आब विदेशसँ आएलसभके क्वारेन्टाईनमे रह नै परतै कहादन ।**

हवाई मार्ग या स्थलमार्ग सँ नेपाल आबवला आदमीके अपन घरमे क्वारेन्टाईन सरहके सुविधा अछि से जानकारी कराबैत होम क्वारेन्टाईनमे रहब कहि आग्रह कएलापर स्थानीय प्रहरी आ वडा समिति कार्यालयके सिफारिसके आधारमे स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयद्वारा निर्धारण कएलगेल अनुसारके होम क्वारेन्टाईन सम्बन्धी मापदण्ड पालना करके शर्तमे DCCMC होम क्वारेन्टाईनमे रहके अनुमति दसकैत अछि ।

स्रोत: file:///D:/CivicAcTs/Corona%20Bulletin/Bulletin%2041/03-18%20cabinet.pdf



**ढलमे सेहो कोरोना भाईरस देखेलै कहादन । अईस त समुदायमे भाईरस फैलक भयानक अवस्था आनत कहैत अछि ।**

विश्वमे आरो जगह भेल अध्ययनसँ आदमी संक्रमित रहल अवस्थामे या निक भगेलाके बाद सेहो ढलमे भाईरसके टुक्राटाक्रि भेटल देखलगेल अछि । जे सामान्यतया रोग सारवला नै होईत छै । कोरोना भाईरस सामान्य ताक्रमके पाईन आ क्लोरिन जेहन किटाणुनाशक दवाई राखल गन्दा पाईनमे सेहो २ दिन तक जिवित रह सकत से देखाएल अछि । एना ढलके पाईनमे कोरोना देखेलै तैयो एकर माध्यमसँ आदमीमे सर सकवला बातके अध्ययन सँ पुष्टि सकल नै अछि । ढलके पाईनमे भाईरसके अंश भेटल कहिते मे समुदायमे संक्रमण फैलक जटिल अवस्था बईन जाएत से कह नै मिलत । लेकिन, ढलके काम करवला कर्मचारीके ढल साफ करकालमे स्वास्थ्य सुरक्षामे मुदा विशेष ध्यान देब परैछै कहि स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय जनौने अछि ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep



**कोरोनाके कारण एस.इ.इ. नै हेतै त कहलगेल, लेकिन मूल्यांकन केना हेतै ?**

विद्यार्थीके मुल्यांकन सम्बन्धित विद्यालय करत । एकर अन्तिम प्रमाणिकरण सम्बन्धित विद्यालयके प्रधानाध्यापक, अध्यक्ष, सम्बन्धित कक्षा शिक्षक आ नियुक्तिके आधारमे ओई विद्यालयके जेठ शिक्षक सदस्य रहल समिति करत । तैकेलेल पहिल त्रैमासिक परीक्षाके कूल पूर्णांकमे सँ १०%, दोसर त्रैमासिक परिक्षामे सँ ३०% आ अन्तिम परीक्षामे सँ ६०% (सैद्धान्तिक आ प्रयोगात्मक) क तीनु परीक्षाके कूल प्राप्तांक जोईर क विद्यार्थीके विषयगत ग्रेड निर्धारण कएल जेतै ।

स्रोत: http://www.neb.gov.np/uploads/photos/mx4fyey-IP200623110615.pdf

**WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब**

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




**COVID-19**
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ **३२१००** मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| देश | नेपाली | संक्रमित | नेपाली संक्रमित | मृत्यु भएका नेपाली |
|---|---|---|---|---|
| साउदी अरब | ३,३४,४५१ | २,०९,५०९ | १,६५० | ९ |
| कुवेत | ७१,१९३ | ५०,६४४ | १००० | ४ |
| बहराईन | २६,००० | २९,३६७ | ४५१ | ३ |
| कतार | ४,०६,९१७ | १,००,३४५ | २०,००० | ७ |
| युएई | २,२४,९०५ | ५१,५४० | २००० | २५ |
| ओमान | १७,०५७ | ४७,७३५ | ४५ | १ |
| मलेसिया | ५,००,००० | ८,६६८ | ८१ | |
| दक्षिण कोरिया | ३८,८६२ | १३,१३७ | | |



गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## नेपालमे पुन: श्रम स्वीकृति शुरु भेल छै

शुक्रदिन सिस्टमके कारण सँ अवरोध एलाके कारण शनिदिन सेहो सञ्चालनमे आएल श्रम विभाग शनिदिन ४६ कोईके फेरो श्रम स्वीकृति प्रदान केने अछि ।

### साउदी अरब

साउदीमे रहल नेपाली दूतावास अपनासंगे Exit Visa भेल अवस्थामे मात्रे जहाजके टिकट लेबके लेल आग्रह केने अछि । कतेको अवस्थामे दुतावास फारमके आधारमे नामके सूची निकालैत अछि । यदि श्रमिकके फारममे Exit Visa छै कहि लिखल गेल छै, लेकिन पासपोर्टमे नै छै त देश बाहर नै जासकैत अछि । Exit Visa के म्याद ६० दिनके होईछै ।

### यू.ए.ई.

यू.ए.ई.मे काज करहल कामदारके ड्राईभिङ लाईसेन्स लेब चाहलापर कम्पनीके लेटर लेने विना ड्राईभिङ लाईसेन्स लल सकैत अछि ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

करिब **१ अर्ब ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

करिब **२ अर्ब २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्ब ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्ब ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्ब ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

करिब **४ अर्ब १० करोड**


रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## प्रदेश सरकार


| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## हरेक प्रदेशके सामाजिक विकास मन्त्रालयके कूल बजेट आ स्वास्थ्य क्षेत्रमे भेल खर्च



# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## प्रदेशगत स्वास्थ्य क्षेत्रमे प्रति व्यक्ति खर्च




नेपालमे कोभिड - १९ के संक्रमणके अखनके वृद्धिके प्रवृति देखबै त, विशेष कलक लकडाउन के बाद अईसँ बिमारीके ईलाजमे सरकारके तत्परतापर प्रश्न चिन्ह खडा करत । आर्थिक वर्ष २०७७/७८ के लेल सामाजिक विकास मन्त्रालयमे बडका रकम विनियोजनके बावजुद सेहो प्रति आदमी स्वास्थ्य खर्च औसतमे जम्मा रु. ५७२ मात्रे छै । एना देखलापर सामाजिक विकास मन्त्रालयमे भेल बजेट वृद्धिसँ स्वास्थ्य क्षेत्रके कोनो सम्बोधन नै भेल देखाईत छै ।

आरो प्रदेशसँगे तुलाना करबै त, प्रदेश नं. २, बागमती प्रदेश आ प्रदेश नं. ५ के प्रति व्यक्ति स्वास्थ्य खर्च एकदमे कम छै । अईसँ कोरोना लगाएत आरो स्वास्थ्य सेवा सम्बन्धी खर्च बिमारीके अपने करपरत से बुझाईत अछि । कोभिड - १९ के संक्रमण बढ सक भेलाके कारणे ई अवस्था आरो नाजुक बन सकैछ अछि । युनिभर्सल हेल्थ एसेस्मेन्ट रिपोर्ट (शिवराज अधिकारी, १२-२०१५) के अनुसार, हरेक बेर रु. १०० के स्वास्थ्य सेवा लेलापर प्रत्येक नेपालीके रु ४९.२ अपन जेबीसँ तिर परैत छै । अईसँ, प्रदेश सामाजिक विकास मन्त्रालयके बजेटमे बृद्धि भेलाके बादो, आकस्मिक सेवाके जरुरत भेल बिमारीके मध्यनजर करबै त स्वास्थ्य क्षेत्रके लेल छुट्याओलगेल बजेट एकदम न्यून छै ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# श्रमिकके समस्या सँ ललक समाधानके रस्ता

## १. श्रमिकके तत्कालके समस्या



क. जे विदेशमे कठिनाईमे अछि, ओसभ टिकट काटहे नै सकल अछि । सरकार हुनकासभके उद्दार करब कहिक निर्णय केने अछि, लेकिन कार्यान्वयन् होब नै सकलासँ कठिनाईमे परलसभ आरो समस्यामे परल अछि ।

ख. जे नेपाल आइबगेल लेकिन घर पुग नै सकल अछि, हुनकासभके क्वारेन्टाईनके उपयुक्त व्यवस्था नै छै, समाजके देखके दृष्टिकोण नकारात्मक छै ।

ग. जे घर पहुच गेला ओसभ आब कि करब तै असमन्जस मे छैथ ।



## २. विदेश सँ केहन केहन कामदार फिर्ता आएल अछि ?

सामान्यतया अपनासभ एकरा ४ Master Category मे विभाजित क सकैत छी ।

क. फेरो विदेश नै जाय चाहवला ।

ख. आफ्ने देशमे रहिक खानदानी कृषि पेशा कर चाहवला ।

ग. अपने देशमे किछ व्यापार व्यवसाय कर चाहवला ।

घ. अपने देशमे नोकरी कर चाहवला ।

## ३. तथ्यांक तयार कचुकलाके बाद



- विदेश फिर्ता चाहबलासभके सेहो सकभर अपने जगहपर किछ करल जा सकैत अछि कि कहिक प्रेरित करब । हुनकासभके मानसिकता बुझिक सकभर दोसर (कृषि पेशा) या तेसर (व्यापार व्यवसाय) Category नै छ चारिम - नोकरी) Category तक आब सकवला बनाएब ।
- कृषि पेशा कर चाहवलासभके आधुनिक प्रविधियुक्त खेति कर सिखाएब, किसान प्रतिके धारणा बढिया छै से बातके विश्वास दिआएब आ उत्पादन भेल कृषि उपजके बजारिकरणमे सहजिकरण करब ।
- व्यापार व्यवसाय कर चाहवलसभके समस्या बुझिक ओहि अनुसारके कर्जा, परामर्श, बजारिकरण लगाएतके विषयमे सहयोग करब । तहिना कलक, व्यवसाय दर्ता करैतकाल छुट देब आ शुरुके किछ वर्ष व्यवसाय करमे छुट देब ।
- जेकर व्यवसायिक मानसिकता सेहो नै छै आ नोकरी कर चाहैछै त, हुनकासभके सिखल Skill set जाँच करब आ Skill Data Bank बनाएब । हुनकासभके विदेशसँ सिखक आएल Skill सुहाईत जगहपर सदुपयोग करब । सरकारके तरफ सँ व्यद ऋभलतभच खोईलक स्थापना कलक कामदार आ कम्पनीके मिलाबमे सहयोग करब ।
- विदेशमे सिखने सिप नेपालमे काम नै लागत त, नयाँ सिप सिखाएब ।
- बहुतरास बड्का आयोजनासभमे वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएलसभके प्राथमिकतामे राखब ।
- श्रमिकके Insurance, WPS लगाएत आरो श्रम ऐनसँ देल अधिकारके कायान्वयन कराएब ।

आरपि श्रृजन

लेखक लम्बा समय वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल श्रमिक छैथ ।

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस्



## जानुका सिंखडा

उपाध्यक्ष

ज्वालामुखी गाउँपालिका, धादिङ

"सबमे एके तरहके त्रास छलै । जब, हमसभ क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन सँ ललक राहत वितरण कर अपने खटलौ, तेकर बाद स्थानीयमे आशा जागल । जनप्रतिनिधी अपने राईतदिन खटलासँ बाहरसँ आबवलाके स्थानीयसभ अपने क्वारेन्टाईनमे राख सहयोग केलक । आरो कह परत त, कोरोना महामारीमे आम जनसमुदायलग जनप्रतिनिधीके अपन क्षमता प्रमाणित करके अवसर जुरादेने छै ।"

## गिता बञ्जारा

उपाध्यक्ष

पनौती नगरपालिका, काभ्रेपलाञ्चोक

"हमरासभके शुरुमे कि केना करब तै बातमे असमञ्जसे छल । तै परसँ बाहरसँ आएलके केना व्यवस्थित करब से चूनौती थपागेल । विदेशसँ आएल आदमीसभके शुरुमे अस्पतालमे ललजाक पिसिआ परिक्षण कर प्रहरीके सहयोग लेबके अवस्था छलै । हमसभ ओहन आदमीसभके पहिचान कलक अखन घरेके आदमी क्वारेन्टाइनमे रह परत कहि रहल अछि । हमसभ एक वर्ष पहिले सँ वैदेशिक रोजगारीमे गेल परिवारके विवरण तैयार केने छलौ । ओईसँ हमरासभके काज करमे एकदम सहयोग भेल ।"





## गिनु माया थापा

उपाध्यक्ष


ऋषिङ गाउँपालिका, तनहुँ

"गाउँपालिकामे अखनतक जम्मा ३९ कोईमे संक्रमण देखलगेल अछि । ओई मे सँ २४ कोई निक भलक घर जाचुकल अछि । सबके सहयोग सँ संक्रमण लगभग नियन्त्रणमे छै । काईल्ह उद्धार आ राहतमे जेना मेहनत केलौ, तहिना क आब हुनकासभके सम्मानित रुपमे पुनर्स्थापन कर लाईग रहल छी ।"

# कि दैनिक पि.सि.आर. परीक्षण सरकारके पूर्ण क्षमतामे भरहल छै ?

सही सूचना

## अन्तिम महिनाभैर दैनिक रुपमे भेल आरटि - पिसिआर परीक्षण





दैनिक आरटि - पिसिआर परीक्षणके संख्या बढाबके लेल नागरिकके कएल कठोर माँगके बावजुद, अगिला महिना तैमे कोनो सुधार नै आयल । ओही अवधिमे संक्रमितके संख्या ३,२३५ सँ बैढक १५,७८५ पुगल । संक्रमितके संख्या बढ्ैत जायके आ संक्रमण समुदाय स्तरमे फैलके सम्भावना बढिरहला सँ, परीक्षणके दायरा बढेनाई एकदम जरुरी छै । लेकिन, उपरके ग्राफसँ सरकार दैनिक परीक्षणके दायरा बढाब असफल भरहल देखाबैत अछि । कि अखन भरहल परीक्षण सरकारके पूर्ण क्षमतामे भरहल छै त ? अईसँ आब सरकार निजि स्वास्थ्य क्षेत्रसँगे मिलक काम कर परत कहि संकेत करहल अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs